Enstriksyon pou Ranpli Fòm RB-89.3 a

POU DEFANDÈ A: Ou dwe depoze yon *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy (Fòm RB-89.3)*, ki rele "kontestasyon an," nan espas 30 jou apre defandè a fin resevwa *Demann pou Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy (Fòm RB-89.2)*, ki rele "demann lan". Yo konsidere ou depoze*Fòm RB-89.3* a bòkote Konsèy la nan dat Konsèy la resevwa kontestasyon sa a. Selon 12 NYCRR 300.13(c), ki mande pou tout kontestasyon yo respekte egzijans ki nan 12 NYCRR 300.13(b) yo, *Fòm RB-89.3* ka sèlman depoze nan adrès imèl santralize pou reklamasyon yo (wcbclaimsfiling@wcb.ny.gov), oswa atravè lyen Telechajman Wèb WCB a (https://wcbdoc.services.conduent.com/). Osnon, moun ki fè reklamasyon ki pa reprezante yo ka voye *Fòm RB-89.3* pa lapòs bay Konsèy la nan adrès postal santralize Konsèy la (PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205). Fòm*RB-89.3* yo ki gen rapò ak reklamasyon poutèt diskriminasyon nan kad konpansasyon travayè dwe depoze bòkote Konsèy la lè w voye kontestasyon an pa lapòs bay Inite ki Responsab Diskriminasyon nan Konsèy la, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Fòm*RB-89.3* nan reklamasyon ki depoze pou avantaj pou andikap (reklamasyon pou pèt salè akoz chòk oswa maladi ki pa gen pou wè ak travay) dwe depoze bòkote Konsèy la lè w voye kontestasyon an pa lapòs bay Biwo Avantaj pou Andikap la, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Fòk tout pati nesesè ki konsène yo resevwa yon kopi kontestasyon sa a selon 12 NYCRR 300.13(b)(1)(iv). *Fòm RB-89.3* a, sof si se yon moun ki fè reklamasyon ki pa reprezante ki soumèt li, dwe nan fòma Prezidan an di a, fòk tout pati nan kontestasyon an ranpli, epi nenpòt memwa jiridik ki ladan l dwe respekte 12 NYCRR 300.13(b)(1)(i). Si w pa bay tout enfòmasyon yo mande nan fòm nan, sa ka lakoz yo inyore kontestasyon an. Si w pa bay tout enfòmasyon 12 NYCRR 300.13 ak enstriksyon sa yo mande a, sa ka lakoz yo refize demann lan.

> **REMAK:** Yo p ap aksepte yon *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* si w bay li nan yon biwo Konsèy la nan men. Y ap konsidere fòm*RB-89.3* ou voye pa lapòs oswa soumèt direkteman bay Biwo Konsèy Jeneral la tankou fòm ki pa depoze bòkote Konsèy la epi yo p ap okipe yo.

1. **Nimewo Dosye WCB a (yo).** Mete Nimewo Dosye WCB reklamasyon w ap konteste a (yo). Nimewo Dosye WCB a (yo) gen ladan nimewo dosye pou konpansasyon travayè a, diskriminasyon, anvantaj pou andikap, diskriminasyon nan zafè konje fanmi peye, ponpye benevòl, ak avantaj pou anbilansye benevòl.

2. **Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan (yo).** Mete Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan (yo) pou reklamasyon w ap konteste a (yo). Seksyon/eleman sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon yo.

3. **Kòd Konpayi Asirans lan.** Mete Kòd Konpayi Asirans pou reklamasyon w ap konteste a. Seksyon/eleman sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon yo.

4. **Non Konpayi Asirans lan.** Mete non kòd konpayi asirans pou reklamasyon w ap konteste a. Seksyon/eleman sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon yo.

5. **Dat Chòk la/Konje a.** Mete dat ou te pran chòk la, oswa dat konje fanmi peye a te kòmanse (si w pa t pran konje fanmi peye a, mete Dat Plent pou Diskriminasyon an).

6. **Non Moun ki Fè Reklamasyon an.** Mete tout non anplwaye a.

7. **Adrès Moun ki Fè Reklamasyon an.** Mete adrès minisipal, vil, Eta, ak Kòd Postal anplwaye a, ak adrès postal li si yo pa menm.

8. **Pati ki Depoze Kontestasyon sa a.** Endike ki pati ki depoze kontestasyon sa a.

9. **Kalite Demann Kontestasyon an Reponn.** Endike si kontestasyon an se pou reponn yon demann pou swa 1) Revizyon Konplè Konsèy Obligatwa, oswa 2) Revizyon Konplè Konsèy Diskresyonè.

10. **Dat Depo Memorandòm Desizyon Panèl Konsèy la.** Mete dat desizyon w ap konteste a.

11. **Dat Siyifikasyon.** Mete dat defandè a te resevwa *Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* la.

12. **Rezilta li Prevwa.** Endike si kontestasyon an di 1) yo ta dwe refize *Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* selon 12 NYCRR 300.13(b)(4), 2) Memorandòm Desizyon ta dwe korije sou plan administratif ak fason li ta dwe korije, 3) Memorandòm Desizyon ta dwe konfime nan tout entegralite l, oswa 4) Memorandòm Desizyon ta dwe modifye ak fason li ta dwe modifye.

13. **Repons pou Kesyon ak Motif** Fè yon deklarasyon kout pou reponn kesyon ak motif yo soulve nan demann lan, idantifye nenpòt erè ki fèt nan fè oswa lwa yo. Selon dispozisyon ki nan atik 12 NYCRR 300.13(b)(1)(i) ak (c), yon defandè ka mete yon memwa jiridik ki gen jiska uit (8) paj, ki ekri ak polis karaktè 12, avèk maj yon pous, sou papye 8.5 pous pa 11. Yo p ap konsidere yon memwa jiridik ki depase uit (8) paj, sof si defandè a presize alekri, rezon ki fè baz kontestasyon an pa t kapab fèt nan limit uit (8) paj. Yo p ap konsidere yon memwa jiridik ki depase kenz (15) paj nan okenn sikonstans.

14. **Dosye.** Si dosye ki mansyone nan demann lan se tout dosye pou revize a, kite seksyon sa a vid. Si dosye ki mansyone nan demann lan se pa tout dosye pou revize a, idantifye selon dat ak/oswa nimewo idantifikasyon dokiman an (yo), odyans anplis yo, dokiman yo, pyè a konviksyon yo, lòt prèv yo, ak transkripsyon nan dosye Konsèy la pa gen pou wè ak pwoblèm ak motif ki soulve nan demann lan ki pa t mansyone nan demann lan. Pa entegre ni mete nan *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/ Revizyon Konplè Konsèy* nenpòt dokiman ki prezan nan dosye Konsèy la nan moman demann lan oswa kontestasyon sa a te depoze a. Konsèy la ka rejte yon kontestasyon yon defandè oswa reprezantan jiridik yon defandè si li mete dokiman ki deja nan dosye Konsèy la nan moman demann lan oswa depo kontestasyon sa a, selon atik 12 NYCRR 300.13(b)(1)(ii) ak (c).

15. **Sètifikasyon.** Moun ki prepare fòm nan dwe siyen l epi mete dat sou li. Epitou, li dwe endike non li, tit li, nimewo telefòn li, ak adrès li. Lè li siyen, li konfime kontestasyon an baze sou yon entèpretasyon bònfwa lalwa ak fè, li depoze l pou motif rezonab epi li voye li bay pati ki konsène yo nan seksyon Prèv Notifikasyon an.

16. **Prèv Notifikasyon.** Fòk tout pati nesesè ki konsène yo resevwa kontestasyon an selon 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv) ak (c). Si yon pati konsène pa resevwa li kòmsadwa, Konsèy la ap konsidere siyifikasyon an pa kòrèk epi li ka pa egzamine l. Lè konpayi asirans lan depoze *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* la, anplwayè ki gen asirans otomatik la, oswa lòt peyè oswa peyè potansyèl la, fòk yo voye yon kopi bay moun ki fè reklamasyon an, avoka moun ki fè reklamasyon an, ak lòt pati ki konsène yo. Yo konsidere siyifikasyon an fèt atan si defandè a fè li nan espas trant (30) jou apre li fin bay *Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy*. Deklarasyon an dwe fèt epi li dwe gen ladan l metòd yo itilize ak dat li te depoze kontestasyon an bòkote Konsèy la. Defandè a ap itilize yon sèl metòd pou depoze kontestasyon an bòkote Konsèy la. Si defandè a depoze menm kontestasyon an de fwa, yo ka konsidere sa tankou yo demach ki soulve oswa pousuiv yon pwoblèm san motif. Sa ka lakoz sanksyon pou defandè a selon WCL § 114-a(3). Deklarasyon li fè a dwe presize papye li bay yo, non pati konsène ki resevwa l yo, dat ak fason chak pati konsène te resevwa yo, epi sa te fèt nan espas 30 jou apati lè yo te resevwa *Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy*. Li pa akseptab pou ranpli yon pati nan deklarasyon an kote li endike moun ki te resevwa l yo ak mwayen an avèk seksyon “Gade dokiman ladan an.” Si yon pati resevwa papye yo pa imèl oswa lòt mwayen elektwonik, deklarasyon an dwe di pati a te aksepte aklè li resevwa yo pa mwayen sa a [gade 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv)(C) ak (c)]. Kontestasyon an pa oblije al jwenn chak pati nan menm mannyè a. Fòk yo mete dat sou deklarasyon an epi siyen li anba sanksyon pou fo temwayaj.

NEW YORK STATE | Workers' Compensation Board

PO Box 5205
Binghamton, NY 13902-5205

www.wcb.ny.gov

Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy

1. Nimewo Dosye WCB a (yo)	2. Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan (yo)	3. Kòd Konpayi Asirans lan	4. Non Konpayi Asirans lan	5. Dat Chòk la/Konje a

6. Non Moun ki Fè Reklamasyon an	7. Adrès Moun ki Fè Reklamasyon an

8. Kontestasyon sa a fèt nan non:

9. Kontestasyon sa a se pou reponn yon demann pou (chwazi sèlman youn):

- ☐ Revizyon Konplè Konsèy Obligatwa
- ☐ Revizyon Konplè Konsèy Diskresyonè

10. Dat Depo Memorandòm Desizyon an (jou/mwa/ane):

11. Defandè a te resevwa demann lan nan dat (jou/mwa/ane):

12. Men sa kontestasyon an di:

- ☐ *Yo ta dwe refize Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* la.
- ☐ Yo ta dwe korije Memorandòm Desizyon an pou l di: _____
- ☐ Memorandòm Desizyon an ta dwe di nan tout entegralite li:
- ☐ Memorandòm Desizyon an ta dwe modifye konsa: _____

13. Repons pou kesyon ak motif (gade enstriksyon yo pou jwenn detay):

14. Si w pa fè dosye a konfyans, idantifye prèv anplis ki enpòtan yo (gade enstriksyon yo pou jwenn deatay):

15. Sètifikasyon: Lè mwen siyen dokiman sa a nan espas yo bay pi ba a, mwen sètifye demann sa a fèt nan tout onètete epi li baze sou motif jiridik ak faktyèl ki valab. Mwen sètifye tou mwen te depoze li pou motif rezonab epi mwen te remèt tout pati ki konsène yo kopi nan itilize metòd siyifikasyon ak adrès ki endike nan deklarasyon siyifikasyon ki pi ba a. Mwen konnen Lwa sou Konpansasyon Travayè prevwa gwo sanksyon si yon moun angaje l oswa kontinye pwosedi san motif valab ak/oswa nan sèl objektif pou retade pwosesis la. Mwen konnen si mwen anile demann sa a pou nenpòt rezon oswa si pati yo rezoud kesyon ki nan litij yo, mwen mete Konsèy la ak tout pati ki konsène yo okouran lapoula.

Moun ki Prepare l la Siyen la: _____ Dat li Prepare li a (jou/mwa/ane): _____

Erki Non an ak Lèt Detache: _____ Tit: _____ Nimewo Telefòn: _____

Adrès: _____

Prèv Notifikasyon

Deklarasyon

Mwen deklare anba sanksyon pou fo temwayaj mwen respekte egzijans pou zafè depo ak notifikasyon jan sa dekri nan atik 12 NYCRR 300.13(b)(2)(iv) ak (3) pou *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* sa a nan fason sa defini pi ba a epi mwen konnen mwen ka depoze dokiman sa a nan kad yon aksyon oswa pwosedi devan yon tribinal.

A. Mwen te depoze *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* la bòkote Konsèy la nan dat (**dat - jou/mwa/ane**)

_____ pa mwayen (**chwazi yon mwayen**):

- ☐ Mail to PO Box 5205, Binghamton, NY 13902 (pou moun ki fè reklamasyon ki pa reprezante sèlman)
- ☐ Nan adrès sa a wcbclaimsfiling@wcb.ny.gov
- ☐ Lyen Telechajman Wèb WCB a (https://wcbdoc.services.conduent.com)
- ☐ **Reklamasyon pou Diskriminasyon nan zafè Konpansasyon Travayè**: Voye l nan Discrimination Unit, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029
- ☐ **Avantaj pou Andikap**: Voye l nan Disability Benefits Bureau, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

B. Mwen te bay *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* la nan dat (**dat - jou/mwa/ane**) _____ (mete fèy anplis si sa nesesè):

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Non an: _____ pa mwayen (mwayen): _____ nan (adrès): _____

Mwen sètifye mwen te bay *Kontestasyon pou Demann Rekonsiderasyon/Revizyon Konplè Konsèy* sa a, nan espas trant jou apre yo te fin resevwa *demann lan*.

Dat (jou/mwa/ane): _____ Siyen la: _____

Erki Non an ak Lèt Detache: _____